

# Nou la Pou Ou.



**NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS**

## Jwenn Swen

### Èske biwo doktè m nan ouvè?

Wi. Klinik NYC Health + Hospitals yo ouvri kounya pou vizit fas-a-fas ak televizit, swa pa telefon osinon vidyeo.

Se pa tout bagay ki nesesite yon vizit an pèsòn. Pale ak ekip swen w lan konsènan opsyon pou w fè yon vizit nan telefòn oswa vidyeo lakay ou.

### Èske pa gen danje pou m wè doktè m nan fas-a-fas?

Wi. Sekirite w pa t janm pi enpòtan epi nou pran prekosyon siplemantè pou asire ke pasyan ak anplwaye nou yo an sekirite.

- + Tout pasyan, vizitè ak anplwaye yo pral gen tanperati yo tcheke lè y ap antre nan lokal nou yo
- + Pasyan yo pral fè tès depistaj pou sentòm COVID-19 la anvan yon vizit ak nan jou randevou a

- + Mask pou kouvri vizaj yo obligatwa pou tout pasyan, vizitè ak anplwaye yo
- + Plizyè èdtan konsiltasyon espesyal ap disponib pou pasyan ki granmoun ak vilnerab nan sèten kote
- + Espas yo pral klèman make pou ede kenbe yon distans sosyal pou sekirite
- + Sal egzamen yo pral netwaye souvan, sitou ant vizit pasyan yo
- + Tout espas komen yo pral netwaye ak dezenfekte pandan tout jounen an
- + Chak pasyan kapab pote yon asistan sante jan sa nesesè

### Èske pa gen danje pou m vini ak pitit mwen yo nan klinik lan?

Wi. Li sitou enpòtan pou pitit ou a pa rate vizit byennèt li yo oswa okenn vaksinasyon. Okenn timoun pa sipoze ale san yo pa jwenn swen ke yo bezwen an.

Asire ke ou menm ak pitit ou a mete yon mask lè w ap deplase vini nan klinik la, si yo gen 2 zan oswa plis. Si w pa gen mask n ap ba ou youn.

## Kouman mwen ka repwograme yon randevou ki te anile?

Ou kapab rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou w repwograme. Si w rate yon tès depistaj preventif oswa randevou pou yon maladi kwonik tankou dyabèt oswa tansyon ki wo, li sitou enpòtan pou w repwograme vizit ou avèk founisè w la. Pa retade twòp.

## Mwen pa gen yon doktè, èske w wè nouvo pasyan?

Wi, nou aksepte nouvo pasyan yo. Si w bezwen jwenn yon doktè, rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou w pwograme premye randevou w la.

## Biwo doktè prensipal mwen an fèmen. Èske m ka pwograme yon randevou avèk ou?

Wi. Nou la pou tout Nouyòkè yo. Si w pa t janm ale nan NYC Health + Hospitals, rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou pwograme premye randevou w la osinon pou w jwenn yon etablisman ki toupre lakay ou.

## Peye pou Swen

### Mwen enkyè konsènan pri a.

Pri pa dwe janm kanpe w pou wè yon doktè. Nou gen opsyon pou pwoteksyon swen sante ki pa koute chè oswa gratis ki disponib pou tout Nouyòkè yo.

### Mwen pèdi pwoteksyon asirans mwen.

Nou kapab ede w avèk sa. Konseye finansye nou yo pare pou ede w jwenn yon plan asirans ki bon pou ou ak fanmi w. Rele nan 1-646-694-3131 pou w pale ak yon moun jodia. Si w pa kalifye pou asirans oswa ou pa kapab peye, NYC Care la pou ou. Chache jwenn plis enfòmasyon lè w rele nan 1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273).

Rele pou yon randevou

**1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)**



**RETE KONEKTE. SWIV NOU.**

[nyhealthandhospitals.org](http://nyhealthandhospitals.org)

Haitian Creole 06/20

## COVID-19

### Mwen panse ke m gen COVID-19, èske m dwe pwograme yon randevou?

Si ou gen sentòm COVID-19 la, kontakte founisè w la atravè MyChart oswa lè w pwograme yon vizit telesante.

Doktè w la ka mande w pou w izole w lakay ou an sekirite, ale nan ExpressCare oswa ale nan Sal Ijans an fonksyon de sentòm ou yo. Si w pa gen yon kote pou w ale, ou ka petèt kalifye pou yon chanm otèl gratis.

Tout Nouyòkè yo ta dwe fè yon tès dyagnostik COVID-19, kèlkkeswa si yo gen sentòm ou pa, oubyen si yo gen plis risk. Tès yo rapid, fasil ak gratis. Pou w jwenn yon kote ki fè tès tou pre w la, rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692).

### Èske mwen dwe ale nan vizit mwen an si m gen sentòm COVID-19 la oswa yon tanperati ki pi wo pase 100.4?

Si w gen sentòm COVID-19 la, rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou diskite opsyon pou vizit ou a.

### Mwen te gen yon rezulta pozitif pou tès COVID-19 la, èske m dwe ale nan vizit mwen an?

Si ou gen COVID-19 ou ta dwe izole w san danje pou omwen 10 jou ak 3 dènye jou ke w pa t gen lafyèv la san ou pa t pran okenn medikaman tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Motrin, Advil). Si w pa gen yon kote pou w izole, ou ka kalifye pou yon sejou gratis pou yon ti tan nan yon chanm otèl.

Si ou refè soti nan enfeksyon COVID-19 la, ou ka ale nan randevou klinik ou san danje.



Viv byen, viv an bòn sante.